



Pou Piblikasyon Imedya: 03/03/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO AP DEPLWAYE GAD NASYONAL AK OFISYÈL  
ADMINISTRASYON SIPERYÈ YO POU ASISTE KOMINOTE YO NAN OPERASYON  
REKIPERASYON APRE TANPÈT YO**

***Yo Te Deplwaye 100 Manm Gad Nasyonal lan ak 30 Veyikil nan Hudson Valley***

***Plis Pase 270,000 Moun New York Rete san Elektrisite***

***Yo Te Leve Restriksyon pou Traktè a Remòk yo, Bis yo, ak Veyikil ki Gen Pwofil  
Wo yo sou Pon Gouvènè Mario M. Cuomo an a 4PM***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke li ap deplwaye 100 manm Gad Nasyonal New York (New York National Guard) menm jan ak ofisyèl administrasyon siperyè yo nan kominote yo ki toupatou nan Hudson Valley pou asiste nan operasyon rekiperasyon ak retablisman kouran apre tanpèt yo. Deplwaman Gad Nasyonal lan pral kòmanse nan Dimanch aprèmidi ak 100 manm ak 30 veyikil ki soti nan Camp Smith ki nan Konte Westchester. Yo pral ap asiste ofisyèl eta yo pou ede ofisyèl konte ak lokal yo nan efò ki klase soti depi nan netwayaj debri yo pou rive nan kontwòl sikilasyon. An plis, ofisyèl administrasyon yo aktyèlman sou plas ap ede dirije efò rekiperasyon yo nan kat konte ki frape pi fò nan yo -- yo te deplwaye Direktris Operasyon Eta yo Cathy Calhoun nan Konte Dutchess, Komisè Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans yo (Homeland Security and Emergency Services) Roger Parrino li nan Konte Putnam, Prezidan Komisyon Sèvis Piblik lan (Public Service Commission) John Rhodes li nan Konte Westchester, Sipè-entandan Operasyon Rejyonal Otorite Kouran New York lan (New York Power Authority, NYPA) Mark Olig ak Kimberly Harriman, Vis Prezidant Siperyè Afè Piblik & Reglemantè yo nan Konte Sullivan. Sant Operasyon Ijans Eta New York lan (New York State Emergency Operations Center) ap rete ouvri pou kapab sipòte pi plis patnè lokal ak eta yo pandan operasyon retablisman yo.

“Nou ap deplwaye Gad Nasyonal lan ak ofisyèl siperyè yo pou ogmante efò rekiperasyon yo epi asire ke plizyè milye moun New York ki te afekte pa tanpèt sa yo ap jwenn asistans ke yo bezwen”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Gen kèk avi ak entèdiksyon vwayaj ki rete an vigè, epi mwen egzòte chofè yo pou yo pa monte sou wout yo pou ke Gad Nasyonal lan, premye sekouris yo ak travayè sèvis piblik yo kapab ede sila yo ki bezwen asistans.”

Tout siveyans ak avètisman pou metewo ivènal yo te ekspire. Gen yon Avi pou Van ki an vigè jiska 6:00 p.m. aswè a pou rejyon ki nan Konte Westchester, ak Vil New York ak Long Island. Yon van nò ki dirab ki ant 32 a 48 kilomèt pa èdtan ak rafal van potansyèl ki a 80 kilomèt pa èdtan, pral rete pandan jounen an. Avètisman pou inondasyon yo ap rete pandan sikl mare ki wo sou zòn kotyè yo ki nan rejyon Vil New York ak Long Island. Yo kapab atann inondasyon ki minè epi ki modere ki ap kontinye, ewozyon sou plaj yo, ak ti lapli pandan wikenn nan pandan sikl mare ki wo sa yo, epi yo pral pote inondasyon devan plaj yo ak ewozyon konsiderab pou rive Dimanch ak ewozyon zòn ki gen pil sab yo ak ti lapli ki lokalize yo.

### **Blakawout**

Aktyèlman, genyen plis pase 270,000 kliyan ki san kouran akòz tanpèt lan. Sèvis Piblik New York yo gen yon total 4,070 travayè kontraktè nan kay yo ki ap travay nan efò restorasyon apre tanpèt la. Kantite total sa gen ladan resous yo resevwa atravè asistans mityèl yo. Con Edison gen sou plas 445 travayè pou travay nan liy ak pye bwa yo, plis 15 kontraktè adisyonèl; Central Hudson gen sou plas 300 travayè pou travay nan liy ak pye bwa yo, plis 50 kontraktè adisyonèl; PSEG Long Island (PSEGLI) gen sou plas 705 travayè pou travay nan liy ak pye bwa yo, ki gen ladan 300 kontraktè Ajans Jesyon Ijans Federal la (Federal Emergency Management Agency, FEMA), ansanm 110 kontraktè adisyonèl; National Grid gen sou plas 1,200 travayè pou travay nan liy ak pye bwa yo, NYSEG ak RG&E gen sou plas 905 travayè pou travay nan liy ak pye bwa yo, plis 100 kontraktè adisyonèl epi O&R gen sou plas 240 travayè pou travay nan liy ak pye bwa yo.

An plis, Otorite Kouran nan Eta New York lan te deplwaye ekip transmisyon li an nan Central Hudson pou ede repare sistèm transmisyon metwo 69 KV yo an, ak 31 travayè sou liy yo, ak 13 kamyon ak so yo ki soti nan men kliyan sèvis piblik minisipal li yo dirije nan Central Hudson. An plis, NYPA ap aktive kontra li an ak Michels, kontraktè sèvis piblik li an, pou voye jiska 200 travayè sou liy yo ki soti Wisconsin ak Iowa pou ede efò rekipasyon yo.

W'ap wè anba la yon lis entèripsyon kouran yo pa konte:

|             | <u>Entèripsyon</u> |
|-------------|--------------------|
|             | <u>yo</u>          |
| Albany      | 923                |
| Allegany    | 7,205              |
| Bronx       | 3,916              |
| Broome      | 1,940              |
| Cattaraugus | 8,490              |
| Chautauqua  | 652                |
| Chemung     | 439                |
| Chenango    | 970                |
| Columbia    | 11,046             |
| Delaware    | 4,766              |
| Dutchess    | 30,771             |
| Erie        | 1,720              |

|             |        |
|-------------|--------|
| Fulton      | 740    |
| Greene      | 7,778  |
| Herkimer    | 681    |
| Kings       | 114    |
| Livingston  | 1,565  |
| Madison     | 319    |
| Montgomery  | 1,095  |
| Nassau      | 11,595 |
| Oneida      | 3,622  |
| Onondaga    | 132    |
| Ontario     | 167    |
| Orange      | 3,225  |
| Oswego      | 115    |
| Otsego      | 473    |
| Putnam      | 24,222 |
| Queens      | 6,231  |
| Rensselaer  | 1,598  |
| Rockland    | 2,594  |
| Schenectady | 170    |
| Schoharie   | 356    |
| Schuyler    | 2,063  |
| Steuben     | 4,872  |
| Suffolk     | 1,427  |
| Sullivan    | 22,980 |
| Tioga       | 1,032  |
| Tompkins    | 319    |
| Ulster      | 12,419 |
| Westchester | 84,616 |
| Yates       | 1,853  |

### **Restriksyon sou Vwayaj yo**

Sou òdonans Gouvènè a, Otorite Otowout yo (Thruway Authority) te fè soti yon entèdiksyon pou veyikil ki gen pwofil wo yo sou Pon Gouvènè Mario M. Cuomo. Entèdiksyon sa a gen ladan tout traktè a remòk yo, bis yo, kamyon bwat yo ak lòt veyikil ki gen pwofil wo epi yo pral retire li a 4:00 p.m. jodi a. Yo te leve anvan sa tout entèdiksyon similè yo sou Pon Throgs Neck, Whitestone, ak Verrazano yo, menm jan ak I-88 ant Binghamton ak Thruway Eta New York lan.

Y'ap raple otomobilis yo ke Lwa Eta a ekzije ke si yon entèseksyon "p'ap fonksyone" epi siyalizasyon sikilasyon an pa operasyonèl, enteseksyon ap otomatikman vin tounen yon eskal ki gen "kat wout". Nan ka otowout ki fèmen oubyen ki bloke yo akòz inondasyon, liy elektrik ki tonbe oubyen debri yo, yo konseye otomobilis yo pou yo pran prekosyon epi obeyi tout siyalizasyon sikilasyon oubyen barikad ki an plas yo, san konsidere si yon wout parèt lib.

### **Anilasyon ak Reta Vòl yo**

Ayewopò LaGuardia ak JFK yo ouvri epi yo ap antisipe yon orè ki prèske ranpli ak rès reta ki an rapò ak metewo yo, apre yon jou ki te gen plis pase 1,100 anilasyon ant de ayewopò yo (728 anilasyon nan LaGuardia; 451 nan JFK). Jiska 1:00 PM, yo te anile anviwon 48 vòl nan ak an deyò LaGuardia epi yo te anile anviwon 83 vòl nan ak an deyò JFK. Yo ankouraje vwayajè yo pou yo kontakte konpayi avyon yo pou detèmine estati vòl yo avan yo rive nan ayewopò yo.

### **Wout Tren yo:**

Pèsonèl ki nan Long Island Rail Road (LIRR) ak Metro-North Railroad yo ap travay pandan tanpèt lan ak apre pasaj li pou netwaye plizyè douzèn pye bwa ki tonbe, repare pwoblèm ki an rapò ak metewo yo ki ap afekte siyal yo, kwazman wout ray yo, ak enfrastrikti kouran traksyon yo, epi asiste konpayi sèvis piblik yo pandan ke yo t'ap okipe dosye poto sèvis piblik yo ki ap bloke wout yo.

### **Long Island Rail Road**

Laplipa branch LIRR yo ap opere nan oswa tou pre pwogram nan. Pèsonèl PSEGLI ak LIRR yo ap okipe liy kouran ak/oswa poto sèvis piblik PSEGLI yo ki tonbe yo ki ant Great Neck ak Port Washington, nan Malverne ak Yaphank, ak sou tout Branch Oyster Bay lan. Kòm yon rezilta, LIRR ap bay sèvis bis ranplasman ki limite ant Great Neck ak Port Washington, ant Greenport ak Ronkonkoma, ak sou tout Branch West Hempstead lan ak Branch Oyster Bay lan. LIRR prevwa ke PSEGLI pral gen tout reparasyon yo ki konplete atan pou pèmèt wout ray lan retounen nan sèvis nòmal li pou orè chaje Lendi maten an.

### **Metro-North Railroad**

Metro-North ap opere nan oswa tou pre pwogram nan Liy Harlem, Liy Hudson ak Liy New Haven. Bis yo ap ranplase tren yo sou tout Branch New Canaan Metro-North lan jiska nouvèl òd, pandan ke ekip yo ap travay pou repare pwoblèm ki an rapò ak metewo yo.

Sikilasyon Vil New York lan (New York City transit) te pozisyone pèsonèl estratejikman ak ekip adisyonèl pou reponn nan ka pye bwa ki tonbe yo ak siveye zòn ki pwopis a inondasyon yo. Depatman Metro yo (Department of Subways) ap reponn a pye bwa ki tonbe atravè pòsyon ki sou tèren yo nan sistèm lan nan Bronx, Queens ak Brooklyn. Rezo Fewovye State Island lan (Staten Island Railway) ap eksperimante tou enteripsyon sèvis yo akòz pye bwa ki tonbe. Bis yo kontinye gen divèsyon akòz inondasyon ak pye bwa ki sou wout yo.

Pou kapab jwenn enfòmasyon ki pi aktyalize yo ale sou [mta.info](http://mta.info).

Gouvènè Cuomo ap ankouraje rezidan yo pou yo rete lwen nenpòt kab ki kase paske yo ka toujou gen kouran ladan yo epi li ofri ti konsèy sekirite sa yo:

## **Prepare pou Pàn Kouran**

### **Si Ou Nan Blakawout**

- Rele konpayi itilite w la pou w fè yo konnen pa gen kouran epi koute emisyon radyo lokal ou yo pou enfòmasyon ofisyèl yo. Pou yon lis konpayi itilite yo, vizite [Depatman Sèvis Piblik Eta New York la \(New York State Department of Public Service\)](#). Tcheke pou w wè si vwazen w yo gen kouran. Voye je sou moun ki gen bezwen aksè ak bezwen fonksyonèl yo.
- Itilize flash sèlman pou ekleraj nan ka ijans – bouji ka lakòz dife.
- Kite pòt frijidè oswa frizè yo fèmen - pifò manje ki mande refrijerasyon yo ka rete nan frijidè an tout sekirite pandan plizyè èdtan. Yon frijidè ki rete fèmen pral kenbe manje yo frèt pandan apeprè kat èdtan. Yon frizè ranpli pral kenbe tanperati l pou apeprè 48 èdtan.
- Pa itilize gri chabon anndan kay epi pa itilize fou gaz pou chofe kay la – yo ka emèt yon kantite monoksid kabòn ki danjere.
- Pandan tan frèt la, rete ocho lè w mete plizyè kouch rad epi minimize tan w pase deyò. Fè atansyon a sentòm estrès fredri lakoz yo (tankou ipotèmi) epi chache jwenn swen medikal apwopriye si w vin gen sentòm sa yo.

### **Aprè yon Entèripsyon Kouran**

- Jete nenpòt manje ki te ekspozè a tanperati 40° F (4°C) pandan de èdtan oswa pi plis, oswa ki gen odè, koulè, oswa teksti ki pa nòmal. “Lè nou pa si, jete manje a!”
- Si manje ki nan friz yo pi frèt pase 40° F epi yo gen kristal glas sou yo, ou kapab retounen konjle yo.
- Si ou enkyè akòz medikaman ki te gaspiye yo, kontakte doktè ou an.
- Retounen anmagazine twousou ijans ou ak batri ki fre, manje ki nan kanèt ak lòt pwovizyon yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)